Mais, par-delà ces désagréments, une autre forme de conséquence engendrée par cette tragédie apocalyptique réside dans le fait que, le patrimoine linguistique collectif, le créole haïtien, allait lui aussi en pâtir, du fait que des locuteurs parlant créole, dont des mineurs, ont dû, par millier, fuir Haïti à destination de pays étrangers, dont les États-Unis. Très rapidement, besoin de communication oblige, ces émigrés, vont se trouver contraints à l'apprentissage de l'anglais. Fait très intéressant mais qui n'étonne aucun linguiste (Chomsky 1981 par excellence), les enfants allaient s'approprier la langue étrangère en un laps de temps. Néanmoins, cette aptitude dans l'acquisition de langues n'allait pas s'actualiser sans avoir des incidences sur leur langue maternelle, le créole, et ce, en dépit de quelques fortes résistances, dans la mesure où, en matière d'apprentissage de langues étrangères, il est attesté que les propriétés grammaticales de toutes les langues préalablement acquises peuvent influencer les acquisitions ultérieures (Flynn, Foley et Vinnitskaya 2004). Toutefois, d'un parler bâlard, on allait bien vite assister à un bilinguisme récessif (Moreau 1997) marqué par des conflits entre les deux systèmes linguistiques. Le placement de l'adjectif au sein du syntagme nominal est un exemple très parlant. Il est vrai que les données sont complexes et la littérature est riche en explication en ce qui concerne les critères qui déterminent le placement de l'adjectif au sein du GN dans les langues. Parmi ceux-ci, les critères sémantico-pragmatiques et discursifs, la fréquence d'apparition, les critères prosodiques et stylistiques occupent une place d'importance (Goes 1999, Forsgren 1997, Abeillé et Godard 2005, Maingueneau, 1999, Chiss, Fillolet & Maingueneau 2001, Mounin 1974).

Indépendamment du critère choisi pour rendre compte du placement de l'adjectif, on s'accorde pour dire que : (les exemples en anglais ci-après sont de Bono2010)

En anglais, comme dans l'ensemble des langues germaniques, l'antéposition de l'adjectif est l'ordre prototypique, tandis qu'en créole, la postposition est la règle, sauf dans de rares cas. Damoiseau (2005) parle d'un petit nombre d'adjectifs courants et monosyllabiques se plaçant devant le nom : Yon bèl kay / *kay bèl ; Yon gwo pwason / *pwason gwo ; Yon gran gason / *Gason gran.....Ces exemples écartés, la postposition est la règle.

1) She has green eyes. (Exemple de Bono, M. 2010)

3sg to have Adj N

Li gen zye vèt

3sg gen N Adj

À la faveur de l'application de tout un appareillage de déconstruction efficace de la langue maternelle, facilitée par l'ambiance linguistique, la structure de l'anglais va subtilement se substituer à celle du créole.

2) Ou ban mwen yon chire bagay. (Verlanda, 19 avril 2015).

2 Sg Give 1sg DET Adj N
You gave me a tript thing.

Dans le cadre de ce papier, nous entendons décrire le parler de ces enfants. Notre hypothèse est que la chance de survie du créole chez ces derniers est on ne peut plus que maigre.

Pour des raisons de méthodologie, nous nous limiterons aux enfants de la Floride, ceux âgés entre 2 et 6 ans ; et nous nous bornerons à une analyse sur les plans syntaxique, lexicale, sémantique, et phonologique de manière à mieux prendre en compte les multiples défis.

Références

Abeillé, A. & Godard, D. (2005). La position de l'adjectif épithète en français : le poids des mots, Recherches linguistiques de Vincennes no 28.

Blakqori, T. (2013). Le groupe nominal en Albanais : Morphologie, Syntaxe et Interprétation, Thèse de doctorat, Paris 8.

Chiss, J. L. Fillolet, J. & Maingueneau, D. (2001). Introduction a la linguistique française, Hachette.

Damoiseau, R. (2005). Eléments de grammaire comparée Français- Créole, Ibis Rouge.

Flynn, S. Foley, C. & Vinnistskaya I. (2004). The Cumulative-Enhancement Model: Comparing Adults and Children's Patterns of development in First Second and Third language Acquisition or Relative Clauses, International Journal of Multilingualism vol 1, no 1, 3-16.

Forsgren, M. (1997). Un classique revisité: la place de l'adjectif épithète. In G. Kleiberg & Riegel M. (Eds). Les formes du sens, Duculot.

Goes, J. (1999). L'adjectif : entre nom et verbe, Bruxelles : De Boek & Larcier.

Greenbaum, S. & Quirk, R. (1990). A student's Grammar of English. London: Longman.

Massimo, P-P. (1979). Théories du langage. Théories de l'apprentissage. Le débat entre Jean Piaget et Noam Chomsky, seuil.

Mounin, G. (1974). Dictionnaire de la linguistique, PUF.

**Distribisyon mòfò- fonolojik ak sentaksik detèminan LA (ak demonstratif sa a) an kreyòl :
matinikè, ayisyen, giyanè ak gwadloupeyen.**

Verly SYLVESTRE
Etidyan mastè syans langaj
Faculté de Linguistique Appliquée
Université d'État d'Haïti

Detèminan defini **LA** se youn nan mak fabrik kreyòl fransè³ yo. Pozisyon l nan sentag nominal la, mòfoloji varyab li prezante fè l yon kategori ki gen anpil enterè pou etid lengwistik, sitou nan kad etid kreyolengwistik yo. Pou rezon sa a, prezantasyon n nan pral montre faktè mòfolojik ak sentaksik ki detèmine itilizasyon kategori sa a nan lang sa yo. Analiz la ap sittou chita sou yon apwòch konparezon, dekwa pou n esplike distribisyon ki parèy ak sa ki diferan nan kreyòl fransè yo. Kon sa, l ap eklere n pi plis sou gramè detèminan defini an kreyòl.

Detèminan **La** (ak tout alomòf li yo), gen menm pozisyon sentaksik, li plase apre non an, men li pa menm fòm. Nou divize l an de. Kreyòl gwadloupeyen (KG), kreyòl Giyanè (CGI), yon bò. Kreyòl Matinikè (KM) ak Ayisyen (KA), yon lòt bò. Premye yo gen mwens varyasyon (GK, la, KGI: la, an). Lòt de yo gen **la** kòm fòm de baz epi plis pase 2 varyasyon.

(1) Kaz-la ka pouri piti a piti (KG)

Timoun-la sòti wou pasé la

(2) tablo a (KGI)

Pon an (KGI)

Kèlkeswa anviwónman fonolojik detèminan an an KG, se sèl **La** ki parèt.

Pou KGI, si son final la se yon nazal, li seleksyone **an**, si se oral, li seleksyone **a**.

(3) kap la (KA)

Madanm nan

(4) tab la (KM)

Madanm lan (KM)

Detèminan LA a fonksyone sou baz de opozisyon oral/ nazal ak konsón/ vwayèl.

Fòm pliryèl LA pa gen menm fòm ladan yo. Nou divize kreyòl yo an de gwoup. KA ak KGI, yon bò. Premye a itilize **yo** (ki pa varyab), kanta dezyèm nan, li gen **ya** kòm fòm pliryèl (li varyab). Yon lòt bò, Kreyòl ki nan ti zile yo, KM ak KG. Yo itilize sé, ki plase devan sentag nominal determine a.

(1) Moun-yan (KGI) Chat-ya (KGI)

(2) Moun yo (KA) Tifi yo (CH) Tab yo (KA)

(3) Sé moun- lan (KM) Sé chyen an (KM) Sé chat la (KM) Sé tablo a (KM)

³ Kreyòl ki kreye nan kontèks kolonizasyon fransè.

(4) Sé fanm la (KG), Sé kaz-la ka pouri piti piti (KG)

Yo alafwa fòm pliryèl e detèminan an KA, li amalgam kode de tip enfòmasyon sa yo. KGI a yon ti kras diferan nan sans sa a. Li pa pote de tip enfòmasyon sa yo. Menmsi l ka aglitine ak detèminan defini an. Sé nan KM ak KG sèlman bay senpman yon lekti pliryèl. Kon sa, nou ka reyoganzize kreyòl an de lòt gwoup: KA, ki amalgam pliryèl + detèminan. Yon lòt bò, lòt yo ki sèlman pliralize sentag la.

Nan prezantasyon an, n ap gen pou n analize detèminan demonstratif (sa a)⁴ nan kat kreyòl yo pou montre diferans yo genyen.

Pwen ki diferansye kreyòl yo ka sèvi pou montre dinamik ak idantite pwòp chak lang sa yo genyen.

Referans

- Comhaire-Sylvain, S., *Le créole haïtien : morphologie et syntaxe*, Port-au-Prince, chez l'auteur et Wetteren (Belgique), De Meester. 1936
- Damoiseau, R., *Syntaxe créole comparée, Martinique, Guadeloupe, Guyane, Haïti*, Edition Karthala, 2012.
- Factum Sainton, J. *Déterminants et actes de détermination en créole guadeloupéen, Voix plurielles 9.2* (2012).
- Glaude, H., *Aspect de la syntaxe de l'haïtien*, Edition Anibwe, 2013.
- Hull, A. «*On the Origin and Chronology of the French-Based Creoles*»). *Readings Creole Studies*. IanF. Hancock (ed.) Ghent: Scientific. 2011 - 15, 1979
- Manuelan, H. et. Fattier, D. *L'utilisation des déterminants en créole haïtien : étude de quelques chaînes de référence*. <http://hal.archives-ouvertes.fr/docs>, 2011.
- Valdman, A. *Le créole : structure, statut et origine*, Editions Klincksiek, 1978.
- Zribi-Hertz, A. JEAN-LOUIS, L., *From Noun to Name: On definiteness marking in modern martinikè*, UMRSFL, Université Paris-8/CNRS, 2013.

« Grammaire à Concaténation d'Intervalles » e sentaks Kreyòl Ayisyen Etid elips non, adjektif ak vèb

Bonel OXINÉ

Université d'État d'Haïti

EA 6308 I3DL (Nice) / Unité de Recherche Pradel Pompilus (Port-au-Prince)

Langue, Société, Éducation (LangSÉ)

Doktoran nan Université Nice Sophia Antipolis

bonooxine2014@gmail.com

oxine.bonel@etu.unice.fr

Lè nou ap suiv ak ki vitès Kreyòl Ayisyen an (pi devan, KA) ap vale teren nan evolisyon li, lè nou suiv tou fason Ayisyen itilize lòt lang tankou angle, panyòl (wè Govain 2014) ak franse nou ta⁵ ka rele fenomèn sa yon kout men nan devlopman lang lan, men sa ka yon bourad anplis tou nan kouvri⁶ lang lan ak nouvo mo ak espresyon etranje, kit nan nivo vokabilè kit nan nivo gramè pou bay mesaj nan nivo kominikasyon (Torturat 2005 ak 2009) nan peyi a pwoblèm, lè nou gade tou kouman (anpil) Ayisyen ki save derefize aprann ekri kreyòl, nou twouve espliche sentaks lang sa a enpòtan anpil, sitou pou lavni⁷ li.

⁴ Li pa gen fòm nan tout kreyòl yo.

⁵ Mwen gen gwo dout sou fòm evolisyon sa.

⁶ Fè entèferans sou.

⁷ VERNET, Pierre. Perspectives 2004 : L'avenir incertain de la langue créole.

Konsa, nou swete jwenn esplikasyon sou fonksyònman li gras ak limyè lasyans ap devlope sou lang. Aspè nou konte manyen nan prezantasyon nou an se *elips non, adjektif ak vèb*. Elips se yon fenomèn ki prezan nan itilizasyon Kreyòl Ayisyen anpil menm jan nou ta ka wè sa konsa (Greenberg 1953⁸) pou itilizasyon lòt lang yo. Pou laji kalkilasyon nou nan sans sa, nou ap itilize yon fòmalis (=yon modèl gramè) yo rele « Grammaire à Concaténation d'Intervalles »⁹. Nou panse depi sentaks yon lang ap sibi enfliyans (Kriegel 2003) mo ak sentaks lòt lang, sa ta dwe pouse espesyalis ki ap fè kalkilasyon sou lang panche pou toutbon sou ka sa, epi jwenn repons. Paske si nou kwè nan sa Bruyin (in Kriegel, 2003: 25) fè konnen sou enfliyans kreyòl yo sibi, nou ka gen kè¹⁰ sote pou lavni KA a : « [...] *l'un des facteurs complexifiants importants est la possibilité de l'influence d'autres langues présentes dans la situation de contact linguistique dans laquelle un créole prend forme* ». Epi, atout sa reyalite bilengwis Ayiti a dikte sou kantite moun (Tortérat 2005; Déjean 2006) ki pale franse nan peyi a, pi fò Ayisyen ki konn li ak ekri (menm lè pi fò nan yo pa fè pati lo a) pa enterese chache konnen fonksyònman kreyòl. Menm lè tou sistèm edikatif ayisyen an pa inosan nan nivo sa paske etydye / aprann lang sa pa te janm yon priyorite : « *de 1804 à 1979, le français constituait la seule langue officielle d'enseignement en Haïti, pour une population à 75 % analphabète et majoritairement monolingue créolophone* » (Chaudenson 2006). Travay nou se montre nou ka dekri Kreyòl Ayisyen an apati fòmalis lengwistik devlope.

Referans:

- Chaudenson, Robert, (2006). *Éducation et langues: Français, créoles, langues africaines et seconde*, Adisfle, Clé international: Paris.
- GOVAIN, Renaud, (2014). *Les emprunts du créole haïtien à l'anglais et à l'espagnol*, L'Harmattan: Paris.
- Greenberg, Joseph Harold (<http://www.unm.edu/~wcroft/JHGfiles/JHGobit.pdf>) konsiltasyon 19/06/2015
- Kriegel, Sibylle (éd.) (2003). *Grammaticalisation et réanalyse. Approches de la variation créole et française*, CNRS-Editions: Paris.]
- Sagot, Benoit et Boulier, Pierre (2004). Grammaire à Concaténation d'Intervalles comme formalisme grammatical pour la linguistique <http://alpage.inria.fr/~sagot/pub/TALN2004.pdf> dènyè konsiltasyon 19/06/2015
- Tortérat, Frédéric, (2009). *Quelques éléments de réflexion sur la construction d'une grammaire bilingue créole/français*.
<http://glottopol.univ.rouen.fr/télécharger/numero13/gpl1309torterat.pdf> consulté le 02/03/2015
- Vernet, Pierre (2002), Perspectives 2004 : L'avenir incertain de la langue créole, *Le Nouvelliste*, Port-au-Prince, 9, 11 et 16 avril.
- Tortérat, Frédéric, (2005). Actes du Colloque FIPF. Sèvres. *L'Enseignement du français comme langue seconde en Haïti*.
- Vernet, Pierre (2002), Perspectives 2004 : L'avenir incertain de la langue créole, *Le Nouvelliste*, Port-au-Prince, 9, 11 et 16 avril.

⁸ Pwen komen lang yo (Fr = les universaux du langage)

⁹ Franse rele li (GCI); Angle rele « Range Concatenation Grammars » (RCG), nou anvi rele an KA, Gramè a Entèval bout pa bout / Gramè Bout Entèval (GEBB / GBE). Pisans gramè sa se P-TIME (Time Polynomial).

¹⁰ Kè sote pou franse tou paske se pa tout popilasyon an ki pale l.

Français/Créole : Problème d'équivalence sémantique. Vers les origines lexicales du Français Haïtien

Jean Bruny FRESMONT
Langue Société et Éducation (LangSÉ)
Faculté de Linguistique Appliquée
Université d'État d'Haïti

Sont nombreux maintenant, les auteurs haïtiens et étrangers, les intellectuels haïtiens s'intéressant à la question de langue, à constater l'émergence d'un français haïtien, un français qui est né du contexte sociolinguistique et culturel et qui est de ce fait constitué de spécificités locales qu'on ne retrouve donc dans aucun autre milieu francophone. Cette étude vise, ainsi, à démontrer que beaucoup de particularités lexicales que présente ce français qui est propre aux Haïtiens trouvent leurs origines dans le problème d'équivalence sémantique qui existe entre les deux langues qui prédominent en Haïti, à savoir le français et le créole. Une telle étude implique impérativement la question de langue et vision du monde (comment l'Haïtien et le Français catégorisent et structurent leur univers lexical), le problème d'interférences lexicales Français/créole et les principales causes de ces interférences.

Emplois et valeurs sémantiques des marqueurs *tankou*, *kou*, *kouwè/kwè* et *kòm*. Pour une étude du marquage formel de la comparaison et de l'analogie en créole haïtien

Rochambeau LAINY Ph.D.
Enseignant-chercheur à l'UEH
Directeur du Laboratoire LADIREP

Les formes *tankou*, *kou*, *kouwè/kwè* et *kòm* sont ordinairement utilisées pour marquer la comparaison (comparaison d'égalité, plus particulièrement) et l'analogie en créole haïtien. Nombre de faits de cette langue montrent que ces formes sont polyfonctionnelles et polysémiques. Les marqueurs *tankou*, *kou*, *kouwè/kwè* et *kòm* présentent en contexte linguistique des caractéristiques particulières qui permettent d'observer des sous-classes de construction syntaxique résultant de leur polyfonctionnalité et leur polysémie. Les sous-classes constituées en raison de la diversité des emplois et des valeurs sémantiques permettent d'observer aussi le caractère parfois ambigu de ces opérateurs. Qu'est-ce qui, dans les constructions de comparaison résultant des opérateurs *tankou*, *kou*, *kouwè/kwè* et *kòm*, facilite la diversité des emplois, et implique plusieurs effets de sens ? À quelle structure syntaxique, l'expression de la comparaison et le marquage formel de l'analogie répondent-ils, en créole haïtien ? Dans quels emplois les marqueurs de comparaison en créole haïtien mettent-ils en jeu deux faits analogues ?

Je pars des hypothèses suivantes pour tenter de traiter ces interrogations.

- 1) Les constructions syntaxiques exprimant la comparaison s'obtiennent à l'aide des formules suivantes : 1) P + marqueur + SN, 2) SN1 + marqueur + SN2, 3) Nompropre1 + marqueur + Nompropre2, 4) Pronom Sujet1 + marqueur + Pronom Sujet 2, 5) Pronom Sujet + marqueur + SN, 6) Négateur + SN + marqueur, 7) marqueur + Pronom Sujet + Négateur, 8) P1 + marqueur + P2 elliptique, 9) P1 + marqueur + P2, etc ;
- 2) Tous les effets de sens que *tankou*, *kou*, *kouwè/kwè* et *kòm* permettent de construire ne leur sont pas inhérents. Ils dérivent de la diversité d'emplois dont ces marqueurs sont l'objet et de la construction syntaxique mise en place par le locuteur ;

- 3) L'analogie étant un procédé d'argumentation souple et riche, son expression est formellement possible en créole haïtien, par des constructions grammaticales répondant à la formule *P1 + Marqueur + P2*, avec possibilité d'inversion en *Marqueur + P2 + P1*. La structure du créole haïtien facilite ce procédé d'argumentation par la mise en interaction des éléments du contexte et les opérateurs *tankou, kou, kouwè/kwè* et *kòm*.

Cette contribution a pour objet de traiter les effets de sens liés à la diversité d'emplois des marqueurs *tankou, kou, kouwè/kwè* et *kòm*, en mettant en lumière la formule syntaxique appliquée par les locuteurs. J'énumère au regard de la théorie sur la proposition d'analogie élaborée par P. Le Goffic (1991), et du concept de « dépropositionnalisation » dans l'expression de l'identité de manière d'être et de manières de faire, inventé par Hadermann, Pierrard et Van Raemdonck (2005), un ensemble de formules structurant les constructions de comparaison et d'analogie en créole haïtien. J'observe d'autres valeurs sémantiques que les opérateurs permettent de construire en contexte. Je rappelle les réflexions de Suzanne C. Sylvain (1936/2012) relatives au marquage formel du comparatif de supériorité et d'infériorité. Je montre que le substrat français influe énormément sur la grammaire d'une bonne quantité de locuteurs créolophones. Je termine en proposant des exemples qui illustrent les impacts des discours épilinguistiques sur le choix lexical et terminologique des locuteurs créolophones.

Kritè fòmèl pou desizyon òtografik

Lemèt ZEFI

Faculté de Linguistique Appliquée

Université d'État d'Haïti

Malgré òtograf kreyòl la ofisyèl depi 31 janvye 1980, sèten detay tankou *an, ann, pou ki sa, ki jan, pou ki sa...* lakòz deba. Sèten kreyolis abitye di: *Se pou nou antann nou sou kesyon sa a*. Pozisyon sa a sonnen tankou yon desizyon demokratik. Apre tout pwogrè ki fèt nan kesyon lengwistik depi 1916 jouk 2015, pwoblèm dwe chita sou demach syantifik. Se done yo ki pou pale. Kominikasyon sa a prezante divès etapdevlopman òtograf, kritè fonolojik pou yo reprezante *son* nan kad ipotèz òtograf fonolojik la, karakteristik jeneral òtograf kreyòl ofisyèl la, anvan li analize wòl *an /ã/ ak ann /ãn/*. Espresyon kreyòl ki mache ak *ann* tankou nan *ann Ayiti* [BnaJiti], *ann Ewòp* [ã n e w ɔ p], *ann Afrik* [ã n a f r i k], se yon seri pawòl franse tou fèt ki pase an kreyòl: lè mo ki fini ak vwayèl nazal /ã/ yo vini touswit anvan lòt mo ki fini ak lòt vwayèl, yo pa pran okenn konsòn /n/ nan kòmansman yo tankou nan *pen an* [pɛ̃¹ã], *avyon an* [a v j ɔ̃^wã]. Moun ki panse se an pou yo ekri nan pawòl tankou *ann Ayiti* konfonn grenn vwayèl /ã/ 2 lèt yo reprezante a ak mo yon silab /ãn/ nan, kòm kwa se ta yon fenomèn lyezon. Tès ak yon seri non ak detèminan endefini montre sa pa kenbe.

Analiz *ki sa, ki jan, pou ki sa, kon sa...* montre espresyon sa yo fòm ak mo lib nou kapab ranplase ak lòt eleman epi yo egziste pou kont yo nan lòt kontèks. Yo pa merite kole. Menm lè yo sanble gen yon nouvo sans nan kèk lòt kontèks, se pa yon agiman pou n kole yo pou rezon pedagogik: moun k ap aprann ekri yon lang, espesyalman timoun ak etranje, pa oblije fè analiz semantik chak fwa y ap ekri menm mo yo.

De dimansyon analiz la (fonolojik, sentaksik) montre nosyon *òtograf se konvansyon* an merite esplikasyon teyòrik pou bay moun k ap ekri kreyòl, anseye kreyòl, yon teknik pratik pou travay yo. Tout moun pa oblije chèchè nan domèn nan. Konvansyon òtografik modèn pa kichòy yon gwoup moun deside enpoze san analiz. Kesyon òtograf chita espesyalman sou analiz fonolojik, sentaksik, semantik, mòfolojik, ki kapab ede moun sa enterese devlope ladrès jeneral olye yo aprann resèt san konprann pou chak detay.

Pwoblematik : kote «3 = li», kote «2 = ou» ak «1 = mwen» nan dinamik ekolengwistik kreyòl la ?

Martineau NELSON
LangSÉ
Universitè d'État d'Haïti

Pragmatik ak pragmatizm eko ak nich nan dinamik ekolengwistik pratik òdinè yo: sekirite oswa ensekirite lang ak langaj kreyòl la?

Sou prensip obsèvasyon patisipant ak antretyen entèyaktif, lang kreyòl la chita sou "melanj" plizyè rezo pratik gras ak pwoksimite-distans li devlope ak lòt lang tankou franse ak angle. Melanj sa yo soti nan kontèks entèyaksyon sosyo-istorik (yon pase pou n'pran ak de (2) men) ak kontèks sosyopolitik (yon avni pou n'konstui ansanm) anndan enstitisyon yo, òganizasyon yo, kominote yo nan peyi d'Ayiti. Peryòd eleksyon prezidansyèl sòti nan lane 2000 rive jodi a fè parèt nan diskou piblik yon masif dinamik "ekolengwistik" nan yon rezo pratik (dinamik «entèrezolektal») ak konsekans li : ensekirite sosyo-pragma-lengwistik. Masif dinamik sa a se «Nou^a»: espas dyalòg la ki pa janm sispann deplontonnen pawòl epi li charye yon dimansyon kominotè nan pratik ekolengwistik yo : se relasyon ak entèyaksyon nan«Nou^a» anndan pratik lang ak langaj ki pote vitalite ak frajilite. Se yon rezo pratik konplèks ki gen tandans lye ak lise tout egzistans tout lòt sijè yo nan kominote ayisyen an. Relasyon yo fèt gras ak mobilite sosyolengwistik epi entèyaksyon sosyal yo ki charye : atirans, richès ak byen, reprezantasyon ak lide sosyete a, rejè, endiferans, tansyon, distans ak proximite, diskriminasyon, estigmatizasyon, prejije ki donk frajilite nan mitan moun ak moun. Pratik lang ak langaj kreyòl la se pòt ki pèmèt moun rantre nan dinamik lòm ak sosyete ayisyen an. Men masif dinamik sa a pa sispann vire, li chita sou adaptasyon ak mòdpale kominote yo, fòm ak espas vi yo, kategori règ : prensip ak paramèt sosyolengwistik yo ki toujou mache ak rit pa yo. Chak entèyaktan ka devlope fòm konpetans kina li nan rapò li ak rezo gwoup yo selon divès kalite estrateji ki devlope tankou : soumisyon, retrè, sediksyon, dominasyon, dezobeyisans, odyans, lidè, elatriye. Dinamik entèrezolektal la baze sou teyori kontèks selon lide ki degaje nan mitan espesyalis syans langaj yo. Konsa kominike : pale se yon aktivite sosyal ki egzije youn aji sou lòt anndan dispozitif rezo kontèks sa yo nan relasyon ak entèyaksyon sosyete a. Dispozitif kontèks langaj ak lang kreyòl la ban nou mouvman rezo pratik yo nan «Nou^a»: espas dyalòg la. Kad kontèks yo toujou soti nan yon evènman fokal : diskou piblik yo. " Dinamik oral sa a sòti nan listwa zile a ak sosyete plantè yo nan enpozisyon pouwa kolonyal yo. Konsa kreyòl vin ak yon masif dinamik doub : a) dinamik entèyaksyonis kote moul sentaks lang nan ap kreyolize teritwa a, b) dinamik varyasyonis atraktif kote lang fransè ak anglè a ap bay kreyòl la zèl. Sa a vin bay pwoblèm glotopolitik. Sou baz teyori kontèks sa yo, rechèch sa ap eseye kesyonnen, fè dyagnostik, konprann ak modifiye plas pwoblematik oral sijè yo nan sosyete a, nan sistèm edikatif ayisyen an. Rezilta analiz yo montre inegalite nan egzistans sijè yo, akòz inadekwasyon ak blokaj ki genyen ant rezo pratik lengwistik anndan ak andeyò espas dyalòg yo : «Nou^a». Yon demach sosyolengwistik, pragmatik ak pragmatizm defann plas sijè yo nan espas dyalòg la, gras ak kèk fich teknik, pou amelyore ak fasilite egzistans yo nan mobilite ak transpozisyon sijè yo nan rezo pratik yo.

Leson nou aprann nan fè tradiksyon matematik

Pierre Michel CHERY
Membre de l'Académie du créole haïtien

Nan prezantasyon sa a, nou pral retounen sou yon pawòl anpil matematisyen ak pwofesè matematik renmen repete : “yon moun pa ka metrize matematik si li pa metrize lang li aprann matematik la”. Anpil fwa moun konn konprann pwoblèm tradiksyon matematik la se senpman yon pwoblèm mo, mo ki pou sòti nan yon lang, ale nan yon lòt. Nou pral montre kouman evalyasyon tradiksyon yo pral montre nou pwoblèm nan pi konplike. Nou pral montre pou matematik, pawòl ki di “kreyòl pale, kreyòl konprann” pa toujou laverite. Nou pral montre tou, anndan gramè jeneral lang kreyòl, langaj matematik la egzije yon estriktirasyon apa akòz rigè, absans anbigwite langaj matematik la bezwen.

Nou pral montre tou kouman nou sèvi avèk konsèp “ranfòsman sans/ranfòsman semantik” la pou nou depase yon seri difikilte nou te rankontre nan yon travay FLA te mande nou fè avèk FDS. Pou nou fini, nou pral bay sijesyon nou sou fason pou yo anseye matematik yon fason pou li itil elèv yo, pou li itil sosyete a.

Mo ka mofwazé ka fè son ka trenné adan lang kréyòl Gwadeloup

Ogis Djant M'BITAKO
Ecrivain gwadeloupéen d'expression créole

An ké palé kat pawòl:

I - Ki mo ka mofwazé adan lang kréyòl Gwadeloup?

ègzanp: "ka", "ké", "ko", "mwen"...

II - Kitan é silon ki kondisyon yo ka mofwazé?

ègzanp: lè "ja" ka vin douvan "ka"...

lè "pé" ka vin douvan "ké"...

lè "po" ka vin douvan "ko"...

III - Kijan yo ka mofwazé, kivedi ka yo ka divini lè yo mofwazé ?

èkzanp: "ja-a"...

"pé-é"...

"po-o"...

IV - Kijan pou maké sé son ka trenné-lasa?

Evè ti-larèl?

evè apòstwòf?

San ayen?

Oben kolé?